концепт екенлигин көриўимизге болады. Концепт кең мәнили ҳәм қурамалылығы менен қосық текстине жан берип, жанландырады. Мазмунлық байланысқа ийе басқа да концептлер менен бир системаға келеди. Шайыр дөретпеде образлылықты, көркемлиликти тәмийинлеў мақсетинде «жаман бала» образын шәртли түрде қоллана отырып, жеке стильлик өзгешеликте пайдаланған.

Мен ийниңе турсам асыла,
Айтар едиң жаман баласаң,
Жаман болсам берген хатымды,
Төс қалтаңа неге саласаң [4].

Сүйгениниң хатын төс қалтаға салыў да шын сүйетуғынлығын билдиретуғын ҳәрекетлер. Төс қалтаға салыў сүйген ярының мухаббатқа толы ашықлық сөзлерин қәстерлеп, абайлап асыраўы, опадарлығына исеним арттырыўы ҳәм усы ҳәрекетлери аркалы лирикалық қаҳарманның образы көркемленип барады. Шайыр қосық текстинде қарама-қарсы мәнили сөзлерди қандай да бир кең түсиникке ийе болған белгини қойыў арқалы, олар ортасындағы интимлик қатнасларды, мухаббаттың тилсимли мәўритлерин сүўретлеўде утымлы пайдаланған.

Жүзигиңди турсам жасыра,
Айтар едиң жаман баласаң,
Жаман жерде өсеме гүллер,
Сен кеўлиме питкен лаласаң [4].

Қосықтың аты - «Жаман бала». Текст ишинен гилт сөзлерин айырып алып қарасаң: «Жаман бала», хат, сүмбил шаш, төс қалта, лала гүл, дийдар, бағ иши. Концептиң базасын - «ярын сағыныў, исеним» деп есапласақ болады. Себеби қосықтың атамасы мухаббаттан жаралған, концепт мәнили, көркем образлы сөз дизбеги –«Жаман баласаң» менен аталады. Лирикалық қаҳарманның еслеўи аркалы сап ышқының сазы «Мениң менен неге қаласаң», «Төс қалтаңа неге саласаң», «Сениң дийдарыңа қарасам», «Сен кеўлиме питкен лаласаң» сыяқлы көркем образлы қосық қатарларында толық ашылған. Лирика концептосферасының ядросымуҳаббаттың сыйқырлы минутлары. Лирикалық қаҳарманның диалогқа курылған түрли семантикалық «ядқа түсиўлери» көркемликке бай жуўап сөзлери жүдә тәсирли шыққан. Лирикалық қаҳарман ҳәрекет субъекттиң ролинде ойнайды. Тийкарғы предикат «сүйиў» текстте өткен мәҳәлде қолланылады. Қосық текстиндеги пайдаланылған сөз дизбегиндеги ой-пикир уйғынлығының жаңаша мәнили түс алыўы когнетивлик-дөретиўшилик жаңалық бола алған.

«Жаман жерде өсеме гүллер», «Жаман болсам сүйеңеменбе» сыяқлы риторикалық сораўлардан шебер пайдаланып, тилдиң образлылығын тәмийнлеген, көркемлигин байытқан. Көркемлеў қуралларының атқаратуғын хызметлери улыўма ортақ болғаны менен олардың бир-биринен ажыралып туратуғын өзине тән өзгешеликлери, образлылық дөретиўдеги мүмкиншиликлери бар. Көркем әдебияттың соның ишинде поэзияның көркемлеў қураллары системасында үлкен әҳмийетке ийе.

Шайырдың сөз зергери болып ҳәр қандай сөзди көркемлеў қуралында жеке стиль менен пайдаланғанлығын көриўимизге болады. Көркем сүўретлеўде өз-ара қарама-қарсы зат, белги ҳәрекет, ўақыя ҳәдийселерди паралель қолланып шығармада эмоционал-экспересcивлик мәнини күшейтиўге ерискен. Жумсалған стилистикалық фигуралар ой-пикир, сезим, образларда шәртли алынған «жаман бала» қарама-қарсылықлы сүўретлеўлерде жүдә утымлы пайдаланылған.

Халық қосықларындағы тийкарғы характерли белгилерди шайыр шеберлик пенен қосық қатарларында яки бир сөз бенен кең мәнини аңлатыў, сол арқалы сүўретленип атырған ўақыялардың көркем сәўлесин, лирикалық қаҳарман кеширмелерин, руўхый дүньясындағы сезимлер арпалысын бериўде образлылық дөретиўде ең тийкарғы усыллардың бири сыпатында кең пайдалана алған. Шайырдың көркем қыялы образлы жәнеде шайырлық талғамының татымлылығы қосықтың халықлық сыпат алыўына тәсир жасаған.

**Әдебиятлар**


1. Қайыпназаров Б. «Гүлнара» Таңламалы шығармалары. (бир томлық).–Нөкис: «Қарақалпақстан» 1981. 83-б.
2. Қазақбай Йулдош Муҳайё Йулдош. Бадий таҳлил асарлари. «Камалак» -Тошкент: 2016.
3. Қайыпназаров Б. «Гүлнара» Таңламалы шығармалары. (бир томлық) «Қарақалпақстан» 1981. 83-б.
4. Мәтмуратов Т. «Гүл қыстырсам сүмбил шашыңа» «Жулдызлар жанар» Қосықлар. –Н.: «Қарақалпақстан», 1989. 20-б.
5. Мәтякубов С. Лирикалық сезим ҳәм көркем сүўретлеў. //«Әмиўдәрья», 2011 № 5. 84-88-б.
6. Ҳотамов Н. Саримсақов Б. Адабиётшунослик терминларининг русча-ўзбекча луғати. –Тошкент: «Ўқитувчи» 1979.



**РЕЗЮМЕ.** Шоирлар Б.Қайипназаровнинг «Гулнора» ва Т.Матмуратовнинг «Гул қистирсам сумбул сочингга»» («Ёмон бола») қўшиқларининг халқ қўшиқларига айланиш хусусиятлари, «Ёр кутиш» мотивидаги, «Ёмон бола»даги лирик қаҳрамонларнинг образини яратишдаги маҳорат масалалари, матндаги концепт тушунчалари кенг таҳлил қилинган. Лингвопоэтик жиҳатдан қўшиқ матнларида сўз маъноларининг қўлланилиши маҳорати таҳлил қилинди.

**РЕЗЮМЕ.** В статье широко анализируются особенности преобразования песен Б.Каипназарова «Гульнора» и Т.Матмуратова «Гүл қыстырсам сүмбил шашына» / (Когда я вплетаю цветок в волосы)/ (Плохой мальчик) в народные песни, проблемы мастерства в создании лирического образа героя «Жаман бала» по мотивам «Ожидание друга», понятие контекстуального концепта. С точки зрения лингвопоэтического характера было выявлено мастерство использования слов в тексте песень.

**SUMMARY.** Convesion features of songs by B.Kaypnazarov "Gulnora" and T.Matmuratov «Gul kistirsan sumbil shashina» / Plaint with flowers («Jaman bala» / Bad boy) into folk songs is deeply analysed, moreover. From motive "Waiting sweet-heart» is depicted issues of creating mastery lyric heroic charaster «Jaman bala» and some issues of contectual concepts. From lingua-poetic point of view text of song shows masterly usage of works in text.


## SÓZ OYIN QOSIQLARI HÁM BALALAR FOLKLORI


**Q.Biysenbaev** – *stajyor oqıtıwshı*

*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** bolalar folklori, genezisi, janriy xususiyatlari, obrazlar sistemasi, lingvopoetikasi.
**Ключевые слова:** детский фольклор, генезис, жанровые особенности, система образов, лингвопоэтика.
**Key words:** children's folklore, genesis, genre features, system of images, linguopoetics.


Búgingi kúnde dúnya folklortanıw iliminde balalardıń ádebiy sana-sezimin hám estetikalıq talǵamın ósiriw maqsetinde jaratılǵan xalıq awızeki dóretiwshiligi janrlarınıń payda bolıw processi hámde tariyxiy-poetikalıq, evolyuciyalıq rawajlanıw jolın anıqlawǵa arnawlı túrde itibar qaratılmaqta. Folklordıń kishi jastaǵı balalarǵa arnalǵan lirikalıq úlgileri genezisin, etnopedagogikalıq mazmun-mánisin, poetikalıq-kompoziciyalıq, atqarıwshılıq ózgesheliklerin ashıp beriw bolsa etnofolkloristika tiykarların ashıwda, xalıq awızeki dóretiwshiliginiń pedagogika hám etnografıya sıyaqlı ilimler menen integraciyalıq rawajlanıwında tariyxıy áhmiyetke iye esaplanadı.

Házirgi zaman folklortanıw iliminde balalar folklorınıń poetikalıq tábiyatı, obrazlar sisteması, motivleri hám ádebiy-estetikalıq funkciyaların tuwrıdan-tuwrı atqarıwshılıq penen baylanıslı izertlew usılı kúsheyip barmaqta. Nátiyjede jáhán folkloristikasında bir-birine uqsas janrlardıń qáliplesiwi hám evolyuciyalıq rawajlanıwı tariyxıy-folklorlıq processtiń bir bólegi ekenligi dáliylleniwin tappaqta. Bul bolsa qaraqalpaq folklortanıwında xalıq awızeki dóretiwshiligi dástúrleriniń insaniyattıń ádebiy sana-sezimi nızamlıqları tásirinde rawajlanıw kózqarasınan kelip shıǵıp jasap atırǵanlıǵınan derek beredi.

Qaraqalpaq ádebiyattanıw iliminde gárezsizlikke eriskennen keyingi jıllardaǵı social-ekonomikalıq hám mádeniy reformalar processinde milliy manawıy jámiyette hár tárepleme insan tárbıyasına xızmet qılıp, «ádebıyat hám kórkem-ónerge, mádenıyatqa itibar – bul eń aldı menen xalqımızǵa itibar, keleshegimizge itibara» [1] tendenciyası tiykarında rawajlanıw jolına ótti. Búgingi kúnde xalqımız manawıyatın rawajlandırıwda ádebiy tásir kórsetip atırǵan xalıq awızeki dóretiwshiligi, jırawshılıq, baqsıshılıq óneri hám shayırlar dóretiwshiligindegi improvizacıya dástúrin ilimiy úyreniw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan ámeliy isler barkamal áwladtı tárbiyalawda múnasip xizmet qılmaqta. Xalqımızdıń kóp ásirler dawamında qáliplesken milliy qádiriyatların tiklewde folklor eń tiykarǵı dereklerden biri esaplanadı. Onıń bir bólegi bolǵan balalar folklorın úlkenler folklorı kontekstinde izertlew mine usınday aktual máselaleleriniń biri. Bul máselelerdi folklortanıwshılıqtıń jańa koncepsiyaları hám teoriyalıq qarasları tiykarında tereń úyrenip, janr, obraz hám motivlerdiń genezisin anıqlaw, ózine tán ózgesheliklerin ilmiy tárepten ashıp beriw jańa juwmaqlar beredi.

Házirgi kúnge shekem jazıp alınǵan hám balalar ushın járiyalanǵan kitaplardaǵı sóz oyın qosıqlarınıń úlgileri (“Túlkishek”, “Hákke qayda”, “Áwelemen-dúwelemen”, “Aq terekpe, kók terekpe”, “Ǵaq-ǵaq-ǵarǵalar”, “Túye, túye – túyeler”, “Sonar, sonar – qansonar”, “Qalıń-qalıń qat temir”, “Kim kúshli”, “Qumırsqa-ha qumırsqa”, “Ay-barmaq-abay barmaq”, “Qayda-qayda barasań”, “Úrker, úrker – shoq juldız”, “bala, bala-balpaq…”, “Haywanlar qalayınsha dawıslaydı”, “Quwır-quwır quwırmash”, “Shır aylanba”, “Bas barmaq, balan úyrek” ) bul tarawdaǵı tiykarǵı izertlew obiekti bolıp esaplanadı esaplanadı.

Qaraqalpaq balalar folklorındaǵı usınday sóz oyın qosıqların analizley otırıp tómendegidey juwmaqlarǵa keliw múmkin:

sóz oyın qosıqları qaraqalpaq balalar folklorınıń dástúriy, ǵárezsiz janrlarınan biri sıpatında xalıq qosıqlarına tán barlıq poetikalıq ózgesheliklerdi ózinde tolıq kórsete aladı. Qaraqalpaq folklorı janrları arasında onıń óz aldına ornı bar. Kórkem awızeki formalardıń biri bolǵan sóz oyın qosıqları balalar qosıqların úyreniwde áhmiyetli dereklerden biri esaplanadı;

sóz oyın qosıqları óz aldına janrlıq belgilerge, poetikalıq formaǵa, ishki mazmunǵa, obrazlar sistemasına, motivler sisteması hám súwretlew usılı jaǵınan óz aldına qaraw imkanıyatın payda etedi. Sóz oyın qosıqları málim bir janrlıq belgileri, ádebiy-kompoziciyalıq ózgeshelikleri, lingvopoetikası, qosıq qurılısı, ólshem hám uyqas sisteması ózine tán tárepleri arqalı tolıq poetikalıq sistema sıpatında kórinedi. Sóz oyın qosıqları dramalıq xarakterge iye ekenligi basqa balalar qosıqlarınan ajıralıq turıwshı tiykarǵı belgilerden esaplanadı;

sóz oyın qosıqları ulkenler tárepinen balalarǵa arnap jaratılǵan háreketli, soraw-juwap formasındaǵı qosıqlar sıpatında balalar folklorı menen úlkenler folklorınıń genetikalıq baylanısın durıs bahalawǵa jol ashadı. Olardıń jaratılıwında tariyxıy waqıyalar, ertek hám ańızlar áhmiyetli tiykar bolǵánlıǵı sezilip turadı. Sonıń ushın sóz oyın qosıqları janrı úlgilerin jazıp alıp, arnawlı úyreniw qaraqalpaq folklorı janrlarınıń tolıq túsinigin payda etiwde emes, bálkim olardıń úlkenler folklorı menen óz ara baylanısın dáliyllewde, sonday-aq balalar folklorındaǵı basqa janrlardıń qáliplesiwinde óz ara baylanıs bar ekenligin dáliyllewde áhmiyetke iye;

sóz oyın qosıqları atqarılıwı eki túrli formada boladı. Úlkenler tárepinen balaǵá hám balalar óz ara oyın háreketlerin atqarıp atırǵan waqıtta. Úlkenler tárepinen eki maqsette, birinshiden, balalarǵa ómir hádiyselerine, jasawǵa qızıqtırıw, úlken ómirdi úyretiw maqsetinde, ekinshiden, balalardı qızıqtırıp oynatıw maqsetinde jaratıladı hám atqarıladı. Birinshi maqsette oyın hárekeketleri az boladı, ekinshi maqsette oyın háreketlerge bay boladi;

sóz oyın qosıqlarında, tiykarınan, balalarǵa jaqın hám túsinikli dástúriy obrazlar qollanılıwı kórinedi. Obraz sıpatında haywan, qus, ósimlikler hám balanıń tikkeley ózi waqıyalarǵa qatnasadı;

sóz oyın qosıqları balalarǵa besik dáwiri juwmaqlanıp, onıń oyın iskerligi kúsheyip atırǵan bir dáwirde atqarıla baslanadı. Sóz oyın qosıqları balanı óz jaqınları hámde onıń átirapındaǵı sırtqı ortalıq, social turmıs, haywanat álemi, ósimlikler dúnyası menen tanıstırıwda, sırtqı álem menen múnásibetke kirisiwge tayrlawda áhmiyetli qural sıpatında xizmet etedi;

sóz oyın qosıqları kishi jastaǵı balalarǵa mórshellengenligi ushın kóbirek ápiwayı hám túsinikli tilde, ıqsham formada, oyınǵá say etip jaratıladı. Olarda sorawlar arqalı waqıyalar bayan etiledi;

xalıq pedegogikasında balanıń aqılıy, fizikalıq jaqtan jetik bolıwın, házir juwaplıqqa, tapqırlıqqa, hádiyselerge qızıǵıwshılıq penen qarawın táminlewge ázelden úlken itibar qaratıp kelgen. Sonıń ushın bul baǵdarda hátteki arnawlı xalıq qosıǵı – sóz oyın qosıqları sisteması qáliplesken. Mine, sonlıqtan sóz oyın qosıqlarında hám tálim, hám tárbiyalıq maqset estetikalıq tárbiya jónelisinde balanıń sanasına jetkeriw kórinedi. Sóz oyın qosıqları xalıq pedagogikasınıń ajıralmas bir bólegi sıpatında ózine tán manawıy-ádebiy rawajlanıw basqıshın basıp ótken. Olardı úyreniw arqalı kórkem awızeki dóretiwshiliginde ushıraytuǵın dástúriy balalar qosıqlarınıń túrlerin anıqlaw menen birge, balalar folklorınıń ózine tán poetikalıq rawajlanıwın da tereńırek bilip alıw múmkin;

sóz oyın qosıqlarınıń payda bolıwında tariyxıy-jámiyetlik belgiler tiykar bolǵan. Sóz oyın qosıqlarında kórkem xalıq awızeki dóretiwshiliginiń dástúriy syujet, obrazlardan paydalanıw sheberligi kórnedi;

sóz oyın qosıqları ózine tán poetikalıq-kompoziciyalıq ózgesheliklerge hám ádebiy-estetikalıq wazıypalarǵa iye. Lingvopoetikalıq qurallar, sonday-aq qosıq qurılısı (ólshem, uyqas, bánt), obrazlar sisteması óz aldına orın iyeleydi.

Sóz oyın qosıqlarınıń kelip shıǵıwında kórkem xalıq awızeki dóretiwshiligi dástúrleri tiykar jaratadı. Sóz oyın qosıqları túrkiy xalıqlar, sonıń ishinde qaraqalpaq balalar folklorında óz aldına gárezsiz janr sıpatında áyyemgi dáwirlerden búgingi kúnge shekem janlı halatta saqlanıp kelmekte.

Balalar qosıqları ózgesheliklerine qarap N.Dawqaraev: «Bul ózgeshlikler eń aldı menen olardıń jámaat bolıp aytılıwında, ekinshiden, olar xalıq oyınların atqarıw, úshinshiden, olar soraw-juwap formasında aytıladı, dep olar tematikalıq jaqtan hár-túrli ekenligin» belgilep beredi hám olardı túr hám janrlarǵá ajıratadı [3:136-137]. Ilimpaz folklordaǵı balalar ádebiyatınıń atqarıwshıları, atqarıw

tártibi, olardıń balalar oy-pikirin óstiriwdegi roli máselelerin úyrenedi.

Q.Ayimbetov bolsa «oyın-zawıq qosıqları balalar oyını ekenligin, balalar jámaat bolıp oynaǵanında oyinlardıń ayırımları poetikalıq qosıqlar menen atqarıladı», dep» jazadı [2:23-24].

Balalar sóz oyın qosıqları yaki balalarǵa arnalǵán basqa shıǵarmalar oyınlar menen jaqın baylanısta boladı. Sebebi, balalar hár qıylı oyınlar oynaw menen birge, birinshiden, ózleriniń organizmin fizikalıq jaqtan shınıqtırsa, ekinshiden, olar usı oyınlarǵa qosıp, hár qıylı qosıqlar hám basqa ádebiy shıǵarmalar úlgisin atqarıp, oy-pikirin rawajlandıradı, basqasha qılıp aytqanda aytqanda, ruwxıy talabın qanaatlandıradı. Ádebiy dóretiwshilik penen oyınnıń únles bolıwı haqqında ádebiyat teorıyashılarınan qımbatlı pikirler bayan etilgen.

**Ádebiyatlar**


1. Мирзиёев Ш.М. Адабиёт ва санъат, маданиятни ривожлантириш – халқимиз маънавий оламини юксалтиришнинг мустаҳкам пойдеворидир. / «Халқ сўзи». – Тошкент: 2017. 4 август, 153 (6847).
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988.
3. Дәўқараев Н. Шығармалары. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1997. – Т. II.
4. Allambergenov K., Qurbanbaev I., Kazaxbaev S. Qaraqalpaq balalar ádebiyatı tariyxı. (Oqıw qollanba). - Tashkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
5. Курбанбаев И. Қарақалпак балалар әдебияты.- Нөкис: «Билим», 1992.



**REZYUME.** Maqolada qoraqalpoq xalq og'zaki ijodiga, jumladan bolalar folkloriga mansub "So'z o'yin qo'shiqlari"ning mustaqil janr sifatida genezisi, janriy xususiyatlari, obrazlar sistemasi, linvopoetikasi kabi jihatlari takidlab o'tilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье освещаются генезис, жанровые особенности, образная система, а также лингвопоэтика «Игровых песен», принадлежащих каракалпакскому фольклору, в том числе детскому, как самостоятельному жанру.

**SUMMARY.** In the article, the genesis, genre features, system of images, linvopoetics of "Word game songs" belonging to Karakalpak folklore, including children's folklore, as an independent genre, are emphasized.


## ЕРЗИЙЎАР ДӘСТАНЫНДАҒЫ ОБРАЗЛАР


**А.У.Бекбергенова –** *магистрант*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*



**Таянч сўзлар:** идея, фольклор, образ, характер, достон, сюжет.
**Ключевые слова:** идея, фольклор, образ, характер, эпос, сюжет.
**Keywords:** idea, folklore, image, character, epic, plot.


Басқа халықлар сыяқлы қарақалпақ фольклортаныўы илиминде де хәр бир жыраўдың атқарған дәстанларындағы образларға пикир билдириў ең баслы мәселелердиң бири болып табылады. Дәстанлардағы образлардың умытылмайтуғын типлик дәрежеге көтерилиўиндеги сүўретлеў қуралларының үлкен әхмийетлилигине пикир билдирген илимпазлар В.М.Жирмунский., Ҳ.Т.Зарифов, [1] екинши дәрежели қаҳарманлар сыяқлы бас қаҳарманға жыраўдың улыўмаластырып минезлеме бериўдеги турақлы қәсийетлик белгилер ҳаққында М.Аўезов [2], қаҳарманлық дәстанлардағы атлардың образында белгили типлик бар екенин Қ.М.Жумалиев [3], Н.Каразин жазып алған «Ҳаял патшалығы ҳаққындағы ертек» ҳәм Н.А.Баскаков жазып алып бастырған ертеклердеги ҳаял-қызлардың ерлиги менен салыстырғанда қарақалпақ фольклорында батыр ҳаял-кызлардың образының жасалыўының анғурақым кең жобада иске асырылғанлығы проф. Қ.Мақсетов [4] тәрепинен, қарақалпақ халқының қаҳарманлық дәстанларындағы образлар туўралы И.Сағыйтовлар [5] ҳ.т.б көплеген илимпазлар өзлериниң илимий мийнетлеринде образлар ҳаққында хәр қыйлы мәселелерине тоқтап өтеди. Қарақалпақ халқының аўыз еки дөретиўшилигинде өзине тән өзгешеликке ийе, белгили халық жыраўы Қурбанбай Тәжибаевтын репертуарынан орын алған «Ерзийўар» дәстанының тийкарғы идеясы ўатанды сыртқы жаўлардан қорғаў болып табылады. Бул дәстандағы батырлық характериндеги қаҳарманлардың образлары келешек әўладларды ўатанды сүйиўде, өз халқын әдиўлеп абайлаўда үлкен әхмийетке ийе. Жыраў атқарған бул дәстандағы бас қаҳарман образы Ерзийўар тийкарғы орынды тутады. Ерзийўар күшли әскербасы болыўы менен бирге, терең билимге, ақылға ийе даналық пенен елин қәстерлеп абайлап, қәдирлеп билетуғын ер жүрек батыр. Ол елинде болайын деп турған урысты болдырмаў ушын өзиниң ақылын иске қосыў нәтийжесинде халқының уллы мәртебесине бөлениўге миясар болады. Себеби, буннан неше әўел заманларда, ноғайдың азлық шағында, дин мусылман, дин Хорезм елинде Ақжүрим деген қаланы Ҳәсен деген хан басқарады. Бул ханның дәўиринде халық абат тоқ, парахат жасайды. Оның Ерзийўар, Ержанай деген мектеп жасындағы балалары бар еди. Күнлердиң күнинде усы парахат бахытлы елди алыўды нийет еткен қалмақтың патшасы Тахтаполат изинде ўәзири Абакан, ләшкерлери менен Ҳәсенханның елине атланады. Неше күн жол жүрип, жол жүрседе мол жүрип, Хорезмниң бир шетине шатырын қурып жақсылық пенен елин бизге берсин, болмаса урыс ашып бәрибир жеңип аламан деген усынысты Ҳәсен ханға Абакан ўәзири арқалы жеткереди, хан бул хабарды еситкенде бираз албырайды, сөйтип қасындағы хәмелдарларына, бийлерине не мәсләхәт бересиз дегенде, хәммеси муңайысып, хеш нәрсе айталмағансоң, Сәрим исмли ўәзири ортаға шығып «Тахтаполаттың алдына бармайық, бәрибир бизлерди жеңеди, оннан да тынышлық пенен халықты рәсмий түрде қолына тапсырып берилейик»- дейди. Усы ўақытта оқыўдан киятырған Ерзийўар менен Ержанай исмли Ҳәсенханның балалары әкесиниң муңын көрип, Сәрим ўәзирдиң сөзлерин еситип, қатты арланады. Ерзийўар ақыл менен ис тутыўды мәсләхәт берип елин душпан қолына тапсырыў ер азамат ушын өлим екенин нәзерде тутады, хәр ўақытта халықтың ғамын, халықтың мәпин өзиниң басының мәпинен жоқары тутқаны дәстандағы мына қатарларында тәсирли бериледи:

Жыйналысқан адамлар,
Арзымды есит ағалар,
Келген жаў менен урыспай,
Халықты берсек душпанға,
Болмайма бизге намыс ар?
Журтыңды алса залым хан,
Ели халқыңды шуўлатып,
Басыңа салар қайғы зар,
Елинди берсең еңиретип,
Болмаспа екен намыс ар?[6]

Буны еситкен халқы, ер жүрек, мийирман, нағыз азамат Ерзийўарға разы болады, ал әкеси Хәсенханның қуўаныштан жүзи жарық болады. Баласының усы сөзинен ол руўхый күш алып өзи де душпан менен гүресиўге бел байлайды. Ерзийўардың усы ўақыттағы ақыллылығы, мәртлиги, ар намыслылығы халықты ғайратландырады, сүйсиндиреди, өз елине деген барлық адамларда патриотизмди оятады. Халықтың Зийўарға деген сүйиспеншилиги төмендеги қосық қатарлардында айқын көзге тасланады: